# Nókis rayonı ishki xojalıq jolları ońlanıp atır

Image not found or type unknown

Nókis rayonında «Abat awıl» hám «Abat máhálle» mámleketlik baǵdarlamaları sheńberinde qurılıs-ońlaw hám abadanlastırıw jumısları alıp barılıp atırǵan bolıp, bul baǵdarda ishki xojalıq jolların kúndelikli ońlaw jumısların júrgiziwde Nókis rayonı jollardan paydalanıw unitar kárxanası jumısshıları ayanbay miynet etip atır.
Bul baǵdarda Aqmanǵıt PPJda 8 kóshe, Samanbay APJdaǵı 22 kóshe, Aqterek MPJdaǵı 9 kóshe, «Baqanshaqlı» APJdaǵı 8 kóshede onlaw jumısları alıp barılıwı rejelestirilgen bolıp, bul baǵdarda ámeliy jumıslar dawam etpekte.

«Baqanshaqlı» APJdaǵı 7 kóshege kúndelikli onlaw jumısları sheńberinde ЩPS, 1 kóshege asfalt tósew jumısları juwmaqlanıwı aldında tur.

Qaraqalpaq Avtojol